



Lekòl Piblik Somerville

Edikasyon • Enspirasyon • Ekselans

Kanè Preskolè

Non:
Lekòl:
Ane lekòl:
Pwofesè:
Pase pou klas:

Devlopman pèsonèl ak sosyal: Elev Preskolè yo ap kòmanse pran konsyans tèt yo kòm yon moun ki separe de fanmi yo. Y ap aprann patisipe nan kominote klas yo a. Wòl ak relasyon nouvo sa-yo mande pou devlopman anpil konesans konplèks tankou: adapte a yon varyete sitiyasyon, patisipasyon nan gwoup, inisyasyon nan aktivite endividyèl, metriz, senpati ak respè, koperasyon ak granmoun ak lòt timoun parèy, ak akseptasyon nan limit.

	Ivè	Prentan
Swiv rèv, tranzisyon, ak woutin		
Patisipe epi travay ak lòt moun nan kominote klas la.		
Montre senpati epi pran swen lèzòt yo		
Li eseye rezoud konfli sosyal poukont		
Inisye jwe ak lòt moun		
Demontre kontwòl enpilsyon epi regilarize emosyon fò		
Swiv plizyè etap direksyon		

Devlopman fizik: Nou ankouraje elèv preskolè yo pou yo devlope tou de konpetans nan itilize misk ki nan gwo ak tout ti manm yo nan fe gwo nan aktivite ki ankouraje yo devlope konfyans fizik nan tèt yo ak endepandans. Timoun piti aprann nan fè mouvman, sans yo ak manipilasyon objè. Se poutèt sa, aktivite fizik yo trè kritik pou devlopman konpetans entèlektyèl.

	Ivè	Prentan
Li eseye èdè tèt li poukont li		
Deplase ak balans epi kontwòl		
Montre kontwòl motè apwopriye pou laj li nan ekriti, desen, zouti atizana		
Ka sipòte pwa pwòp kò li nan yon pozisyon chita (kwaze pye, ajenou, oswa sou yon chèz)		

M	Metriz – Toujou demontre konesans
D	Devlope – Progrese nan direksyon pou yon konpetans
B	Debitan –Fèk kòmanse demontre konpetans li
N	Non nou poko obsève - Konpetans lan poko parèt epi sa mande plis tan ak plis obsèvasyon
-	Entwodwi Poko

Apwòch aprantisaj Elèv preskolè kirye epi yo gen yon sans kiryozi sou tout bagay ki nan anviwonman yo. Yo kontan fè eksplorasyon, jwe, epi aprann. Pandan elèv preskolè ap devlope, konfyans nan tèt yo ogmante epi yo vin endepandan epi kowoperan nan aprann. Aktivite enteresan yo ankouraje kreyativite, rezoud pwoblèm, ak pèsistans.

	Ivè	Prentan
Demonte inisyativ, kiryozi, epi pran risk nan aprann		
Pèsevere nan sitiyasyon difisil		
Engages in imaginative play		
Demontre kreyativite nan panse epi itilizasyon materyèl yo		
Chache plizyè solisyon pou yon keksyon , travay, oswa pwoblèm		
Eksplòre ak pran prekosyon avèk materyèl ak anviwonman		

At: Elev preskolè ka ekspriye tèt yo atravè desen ak lòt at vizyèl, mizik, dans, mouvman, ak teyat, Atizana se yon fason pou timoun ekspriye santiman ak lide yo pa ka pataje vèbalman. Nou sipòte timoun yo pou yo ka devlope konesans atistik yo epi eksplòre nouvo materyèl yo kapab itilize pou yo kreye, pèfòme, epi kominike.

	Ivè	Prentan
Ka site koulè yo		
Li sèvi ak yon latriye materyèl pou ekspresyon, eksplorasyon, ak konstriksyon		
Patisipe nan mizik epi ak apresye l		
Patisipe nan mouvman kreyatif, dans, ak teyat		

Dosye prezans					
Trimès	1	2	3	4	Total
Retà					
Absans					
Lage bonè					



Lekòl Piblik Somerville

Edikasyon • Enspirasyon • Ekselans

Kanè

Preskolè

Langaj ak literati: Dezi pou timoun yo yo kominike panse, lide, bezwen, ak santiman motive yo devlope langaj. Aktivite pou koute, pale, epi ekri byen bonè ak lekti ranfòse kapasite timoun yo pou yo konprann lang epi ekspri yo vèbalman nan lang angle. Liv ak istwa, chante ak pwezi, ak komunikasyon vèbal bati konesans ki enpòtan pou lekti ak ekri ki menm jan an tou enpòtan nan lavni pou siksè lekòl la.

	Ivè	Prentan
Pale byen klè ase, lòt moun ka konprann li		
Li sèvi ak vokabilè ak lang pou yon varyete de rezon		
Konprann epi reponn nan konvèsasyon ak istwa awotwaw		
Montre yon konpreyansyon sou konsèp ekri (foto ak mo transmèt siyifikasyon)		
Konnen non lèt majiskil yo		
Demontre konpreyansyon sou modèl son nan langaj (konpreyansyon fonolojik)		
Vizyèlman rekonèt prenon l		
Ekri premye non ou		
Reprezante lide ak istwa an foto, dikte, ak / oswa jwèt		
Li sèvi ak fòm, senbòl, ak lèt pou tansmèt siyifikasyon (ekri non, desine)		

Panse syantifik: Preskolè yo investigatè natirèl ki kirye sou ki jan bagay yo travay. Timoun aprann syans nan eksplore ak materyèl ki sou lamèn, obsève, pale sou fonksyonman yo epi anrejistre sa yo ap wè epi sa y ap fè. Pwogram nan lekòl preskolè pèmèt timoun yo dekouvri bagay sa yo nan eksperyans chak jou. Apwòch sa a ki baze sou rechèch sipòte aprantisaj ak konpreyansyon syantifik nouvo yo.

	Ivè	Prentan
Investige, eksplore, epi obsève		
Angaje l nan diskisyon epi souve kesyon		
Fè prediksyon		

M	Metrize – Toujou demontre konesans
D	Develope – Progrese nan direksyon pou yon konpetans
B	Debitan – Fèk kòmanse demontre konpetans li
N	Non nou poko obsève - Konpetans lan poko parèt epi sa mande plis tan ak plis obsèvasyon
-	Entwodwi Poko

Panse matematik: panse matematik adrese kapasite timoun yo konte epi klasifye objè, men tou pou yo eksplore nimewo ki nan anviwònman yo. ELEV preskolè itilize chak eksperyans toulejou yo pou yo konstwi konsèp matematik epi jwe ak yon latriye materyèl ki sou lamèn ki fèt pou ankouraje eksperyans ak pratik konesans nimerasyon debaz

	Ivè	Prentan
Itilize mo pozisyon (anwo, anba, sou, koupe, elatriye)		
Nonmen fòm yo epi konprann karakteristik yo		
Triye epi klase		
Konpare epi mezire		
Rekonèt, kopye, epi devlope modèl		
Konn konte		
Konte objè ki demontre korespondans youn ak youn		
Idantifye yon ansman objè		
Rekonèt epi konpare kantite		
Nonme chif nimeral yo 1 rive 10		
Amoninize ansanm objè ki gen chif nimeral ki korespon ak yo		
Reprezante lide matematik ak senbòl, foto, epi objè		
Entèprete graf ak done		

Komantè